# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–21 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रयागराज महाकुंभ नगर में बिहने कैबिनेट क बइठकी करिहें। अरैल घाट के त्रिवेणी शंकुल में दुपहरिया बारह बजे से होखे वाला येह बइठकी में प्रदेस सरकार क चउवन मंत्रियन के बोलावल गइल हौ। बइठकी में कई परियोजनन अउर प्रस्तावन के मंजूरी दीहल जाई। बइठकी के बाद मुख्यमंत्री सगरो मंत्रिमण्डल के साथे पवित्र संगम में नहइहें।

**********

बनारस कैंट रेलवे स्टेसन पर यात्रियन के सुविधा बदे चिकित्सा सेवा सुरू कइल गइल हौ। येह सेवा क सुरूआति महाकुंभ के देखि के कइल गइल हौ। एहसे तबियत खराब भइले पर यात्रियन के चिकित्सा सेवा क लाभ स्टेसने पर मिलि जाई। संवाददाता लोगिन से बतियावत बनारस कैंट स्टेसन क निदेसक अर्पित गुप्ता बतवलें ई सेवा केन्द्र यात्रियन के सुविधा बदे चउबीसो घंटा उपलब्ध रही।

***हमने यहा पर वाराणसी स्टेशन के सर्कुलेटिंग एरिया मे इमर्जेन्सी मेडिकल रूम के साथ–साथ हमने अपनी फॉर्मेसी शुरू की है यह फॉर्मेसी का जो लाइसेंस है ये डिस्ट्रिक एड्मिस्ट्रेशन से हमने एप्रुव करवाया और आज इसक को हमने शुरू किया है। 24 बाई सेवन यहां पर दवाइयां मिलेंगी जो एमआरपी से 25 से 30 परसेंट कम रेट पर मिलेंगी।***

**********

रेलवे के ओरि से महाकुंभ क सरधालुअन के सुविधा बदे आजु करीब तीनि दरजन बिसेस रेलगाड़ी चलावल जा रहल हौ। येह सज्जो रेलगाड़ियन क बिबरण रेल मंत्रालय के सोसल मीडिया प्लेटफार्म एक्स पर मौजूद हौ। पूर्वोत्तर रेलवे क मुख्य जनसम्पर्क अधिकारी पंकज कुमार सिंह बतवलें कि दस गो महाकुंभ मेला बिसेस रेलगाड़ी आजु पूर्वोत्तर रेलवे के कई गो स्टेसनन से हो के गुजरि रहल हइनि।

**********

प्रयागराज महाकुंभ नगर में त्रिवेणी मार्ग क संविधान गैलरी लोगिन के आकरसित कइ रहलि हौ। एगो रिपोर्ट–

**संविधान गैलरी की प्रदर्शनी में ऐतिहासिक विवरण, प्रमुख दस्तावेज और भारतीय संविधान के निर्माताओं के योगदान को बखूबी दर्शाया गया है। संविधान सभा की चर्चाओं को ऑडियो के माध्यम से भी प्रस्तुत किया गया है, जिससे आगंतुकों को संविधान के विकास के बारे में गहरी जानकारी मिलती है। वहीं, डिजिटल गैलरी संविधान की यात्रा को जीवंत बनाती है। जब आगंतुक स्क्रीन को छूते हैं, तो संविधान के पन्ने खुल जाते हैं और संवाददाता ग्रुप से संविधान के प्रारूपण, कार्यान्वयन से संबंधित ऐतिहासिक क्षणों की जानकारी मिलती है। डिजिटल स्क्रीन पर एक टाइमलाइन के जरिए दर्शकों को संविधान के इतिहास से जुड़े साल दर साल प्रमुख जानकारियों को तलाशने की भी सुविधा है। प्रवेश द्वार पर एक टच–स्क्रीन सेल्फी पॉइंट आगंतुकों को भी आकर्षित कर रही है। जहां वह केवल एक टैप से राष्ट्रीय प्रतीक, अशोक स्तंभ के साथ तस्वीरें ले सकते हैं। आनंद कुमार, आकाशवाणी समाचार, प्रयागराज।**

**********

अजोध्या में चलि रहल श्रीराम मंदिर निर्माण समिति क बइठकी के दुसरका दिन्ने आजु श्रमिकन क कमी के नाते निरमाण कार में हो रहल देरी क चरचा भइल। समिति फैसिला लिहलस कि कार में तेजी ले आवे बदे श्रमिकन क संख्या बढ़ावल जाई। श्रीराम मंदिर निर्माण समिति क अध्यक्ष नृपेन्द्र मिश्र बतवलें कि मंदिर के भूतल, पहिला तल्ला अउर दुसरका तल्ला क सज्जो कार मार्च ले पूरा कइ लिहल जाई अउर पहिला तल्ला पर राम दरबार क प्रतिस्ठा कइल जाई।

**********

राष्ट्रपति भवन क अमृत उद्यान दुइ फरौरी से तीनि मार्च ले आम लोगिन बदे खुलल रही। लोगि सोम्मार के छोड़ि के हप्ता में छौ दिन भिन्नहीं दस बजे से संझा छौ बजे ले उद्यान क दौरा कइ सकिहें। एकरे खातिर राष्ट्रपति भवन क वेबसाइट से बुकिंग कइल जा सकी अउर उद्यान में बुकिंग आ प्रवेस निःसुल्क हौ।

**********

गोरखनाथ मंदिर में आजु ढेरि संख्या में सरधालु बुढ़वा मंगर पर बाबा गोरखनाथ के खिचड़ी चढ़वलें। मकर संक्रांति के बादे पड़े वाला दुसरका मंगर के बुढ़वा मंगर के रूप में जानल जाला। येह दिन्ने गोरखनाथ मंदिर में खिचड़ी चढ़वले क पुरान रिवाज रहल हौ। आजु ओइजा खिचड़ी चढ़ावे पहुंचल सरधालु एक महिन्ना ले चले वाला गोरखनाथ क मसहूर खिचड़ी मेलो क आनंद लिहलें।

**********

प्रदेस के सज्जो पूरबी जिलन में आसमान में बादर छवले रहले अउर कुहेसा परले के नाते ठंडी बढ़ि गइल हौ। तापमान में गिरावट के नाते जन–जीवन परभावित हो गइल हौ। कुहेसा के नाते हवाई, रेल अउर सड़क यातायातो पर असर परल हौ। कई गो रेलगाड़ियन के देरी से चलले के नाते यात्रियन के परेसानी क सामना करे के पड़ि रहल हौ। ठंडी बढ़ले के नाते कई जिलन में जिला प्रसासन स्कूलन में छुट्टी क आदेस जारी कइले हौ। मौसम विज्ञान विभाग के मोताबिक ठंडी बढ़ले के कारन पच्छिमी विक्षोभ क सक्रियाता हौ। ई वायुमंडलीय परिस्थिति अबहिनों बनल हौ, जेहसे अगिला दुइ–तीनि दिन ले कड़ेर ठंडी अउर कुहेसा परले क सिलसिला चलत रही।

**********